



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 'SOMÈ VITYÈL METE FEN NAN EPIDEMI AN' POU METE AKSAN SOU EFÒ REPONS VIH ETA NEW YORK**

*Make 40 an depi yo te idantifye premye ka VIH la*

*Eta New York te fè koub nouvo enfeksyon ak dyagnostik VIH la varye avèk siksè*

*Piblikasyon [Rapò Addendum](#) Metete fen nan epidemi (ETE) a*

*Angajman renouvle pou metete fen nan epidemi VIH la an 2024*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke sizyèm "Somè Mete Fen nan Epidemi (Ending the Epidemic, ETE)" anyèl la ap fèt vityèlman nan dat 30 novanm 2021 jiska 2 desanm 2021, pou kowenside ak Jounen Mondyal SIDA a nan dat 1ye desanm. Ane sa, Jounen Mondyal SIDA a genyen enpòtans espesyal, paske 5 jen te make 40 lane depi premye rapò ofisyèl sou sen ka nan Rapò Mòbidite ak Mòtalite pa Semèn (Mortality Weekly Report, MMWR) CDC a ke yo te rekonèt pi ta kòm Sendwom Defisyans Iminite ki Akeri (SIDA).

"Pandan kat dènye deseni yo, efò san rete Eta New York pou edike moun sou transmisyon VIH epi bay estrateji revolisyone pou gen aksè nan tretman an te abouti sou varyasyon koub nouvo enfeksyon ak dyagnostik yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa, 'Somè Mete Fen nan Epidemi' an se yon moman pou reflechi sou pwogrè nou te fè ak defi nou toujou ap fè fas alafwa, epi pou rebay enèji sou objektif pataje pou metete fen nan epidemi SIDA a vè 2024."

Tèm Somè ETE a ane sa a se "Simonte Pandemi: ETE ak COVID-19" avèk eslogan: "Soti atè pou monte: 40 Ane Sante Piblik," avèk evènman somè k ap prezante travay founisè ak kominote nan tout eta a te fè. Somè ETE a ap pataje rezilta done sou VIH ki te reyalize an 2020 epi metete aksan sou estrateji New York te pran pou abòde defi ki te pèsiste pandan tout epidemi VIH la epi ki te egzasebe pa pandemi COVID-19 la. "Pandan n ap reflechi depi plizyè deseni rechèch ki te pèmèt nou genyen siksè enpresyonan nan konba nou kont VIH ak SIDA a, n ap kontinye ekilibre efò sa yo ak ijans sante piblik enprevi tankou pandemi COVID-19 la," **Komisè Egzekitif Adjwen Enterimè Depatman Sante Eta New York la, Kristin Proud te deklare.** "Nan mitan nouvo defi yo, Eta New York ap kontinye pouswiv objektif alontèm li pou fè

"Endetektab = Non Transmisib" epi asire ke moun yo resevwa swen yo bezwen pou viv lontan, lavi ki pi ansante."

Ranvèse enpak COVID la sou efò ETE Eta New York yo epi ede kominote yo reyalize rezilta san patipri pou tout popilasyon yo egzije yon nouvo delè ak yon efò ki redouble ki kouwone ak siksè. Pou rive nan nivo sa, Eta New York ap pwolonje delè ETE a epi angaje pou atenn objektif ETE yo epi mete fen nan epidemi VIH la vè fen 2024, ak rezilta ki mezire pwogrè vè objektif done ETE ki disponib vè desanm 2025. Ekite sante, detèminan sosyal pou sante, epi abòde disparite rasyal yo se pral sant konsantrasyon nou pandan n ap avanse.

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare,** "Chak Jounen Mondyal SIDA sèvi kòm yon rapèl pisan pou wè ki kote nou soti antanke yon Eta nan konba nou kont yon epidemi ki te reklame lavi twòp Nouyòkè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak administrasyon li a paske yo akeyi yon lòt fwa ankò Somè ETE a pou asire ke nou vini ak politik k ap anpeche nouvo enfeksyon epi amelyore kalite lavi sila yo k ap viv ak maladi sa, espesyalman nan kominote minorite yo ki kontinye afekte pa VIH la nan fason ki pa pwopòsyonèl."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Jounen Mondyal SIDA a se yon apèl pou aksyon nan konba mondyal la kont VIH/SIDA a, epi New York ap kontinye yon modèl pou bon politik sante piblik. Nou sou wout pou mete fen nan epidemi VIH la nan dire lavi nou. Si nou ka angaje kominote yo, devlope aksè nan swen, epi asire medikaman ki nan pri abòdab ak lojman, nou ka genyen konba kont SIDA a."

Rapò Addendum Mete Fen nan Epidemi (ETE) a, se yon rapò ekri ki bay yon apèsi sou senk dènye ane inisyativ ETE Eta New York yo, ansanm ak yon rezime sesyon kòmantè kominotè ki te fèt nan 2020 yo pou ede idantifye domèn konsantrasyon pou ETE apre 2020. Ou kapab jwenn rapò a [isit la](#).

Akoz repons istorik ak solid Eta a pandan 36 dènye lane yo, Eta New York te panche koub epidemi VIH la, ki ranvèse pandan ogmantasyon long pandan plizyè deseni nan kantite moun nan Eta New York yo te dyagnostike ki gen VIH. Nouvo enfeksyon ak dyagnostik VIH yo te konnen yon diminisyon regilye pandan tout ETE a, epi yo te atenn yon bès rekò alafwa nan 2020 an ak 1,467 nouvo enfeksyon ki estime ak 1,933 nouvo dyagnostik VIH.

Pwogrè ki reyalize pou mete fen nan efò epidemi VIH la pa t ekitab nan tout gwoup yo. Pou moun ki fèk dyagnostike ak VIH lane pase a, moun Ispanik yo te konnen pousantaj nouvo ka pou chak 100,000 moun kat fwa pi elve pase moun Blan yo. Pou moun Nwa/Afriken Ameriken yo, pousantaj sa te 8 fwa pi elve pase pou moun Blan yo. Yo te obsève disparite sa yo tou nan rezilta sipresyon viral yo ak sèlman 84% moun Nwa/Afriken Ameriken ki angaje nan swe VIH ki siprime viralman nan 2020, pa rapò ak 88% moun Ispanik ak 93% Blan. Pandan sipresyon viral la te dimininye nan tout ras/gwoup etnik ki angaje nan swen VIH la an 2020 pa rapò ak 2019, reyalite ke eka inegalite ras ki ogmante plis la espesyalman bay pwoblèm.

Disparite nan itilizasyon pwofilaksi anvan ekspozisyon (pre-exposure prophylaxis, PrEP) la pèsiste, malgre Eta New York gen to kouvèti PrEP ki pi wo nan peyi a. Kominote koulè ak moun ki gen estati sosyo-ekonomik ki pi fèb yo, se de gwoup ki reprezante fèbman pami moun ki gen risk VIH yo, ki gen aksè nan PrEP nan to ki anpil fwa pi fèb pase Blan yo ak bezwen moun ki gen estati sosyo-ekonomik ki relativman pi wo yo. Fanm yo, patikilyèman fanm Nwa ak Ispanik yo gen risk ki pi wo tou pou pran VIH la men gen aksè nan PrEP la nan nivo ki pi ba pwopòsyonèlman. Faktè sa yo souliye ke kalite rasis estriktirèl ak lòt fòm rasis ak inegalite pèsiste kòm faktè enpòtan rezilta sante ki dispèse, malgre pwogrè jeneral ki fèt yo.

Byenke Eta New York te fè pwogrè ki enkwayab pou mete fen nan pandemi an, Eta a ak founisè ki nan liy devan yo te pase majorite ane 2020 ak kòmansman 2021 an ap reponn ak pandemi COVID-19 san presedan an epi l ap kotinye fè sa pou avni ki pa previzib. Founisè yo te adapte ak nouvo peyizaj sa epi yo te jwenn mwayen ki inovan pou bay sèvis epi sipòte kliyan yo nan itilizasyon telesèvis, twous tès VIH adomisil, tès VIH sou volan, itilizasyon sèvis laboratwa mobil ak laboratwa ki pa nan sit yo, pwomosyon ekwoubiyonaj pèsònèl pasyan an ak lòt ki efò menm jan.

Byenke repons pou ijans sante piblik COVID-19 ki soti nan kominote sante piblik eta a te ewoyik, redepwaman resous yo te retade pou reyalizasyon objektif ETE yo. Depi kòmansman pandemi an, te gen ogmantasyon ka VIH yo nan kèk pati nan eta a, diminisyon enpòtan nan tès VIH yo, diminisyon nan kantite moun ki gen aksè nan PrEP yo, ak nivo rekò ovèdòz STI ak opyoïd yo.

Eta New York kontinye yon lidè pou lòt eta a epi li te demontre siksè ki enpòtan nan domèn ki lye ak ETE yo pou elimine transmisyon VIH manman a timoun (mother-to-child transmission, MTCT). Nan 2021 an, Eta NY te reponn ak objektif pou eliminasyon MTCT a. Sa fè setyèm fwa ke Eta NY te reyalize eliminasyon MTCT a (2013 ak 2015-2020) epi premye fwa ke Eta NY te reyalize objektif sis lane konsekitif.

Pwogram Swen pou Moun ki pa Gen Asirans (Uninsured Care Programs) Eta New York State yo sèvi plis pase 24,000 moun ki pa gen asirans ak moun ki pa gen bon asirans k ap viv ak VIH/SIDA chak ane, atravè yon rezo plis pase 4,500 founisè ki sitiye nan tout Eta NY. Espesyalman kliyan Pwogram Asistans Medikaman pou SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) yo kontinye resevwa sèvis epi konsève rezilta kle ki enkli sipresyon chak viral ak sipresyon chaj viral soutni an pandan pandemi COVID-19 la.

Pwogram echanj sereng nou an, se kolòn vètebral efò eta a pou konbat maladi ak ovèdòz, ki te pran matirite ak rezistans remakab COVID-19 la. Itilizasyon pwogram nan te retounenn nan nivo anvan pandemi yo nan si mwa, apre sa li te sipase li a 5%. Premye Jounen Sansibilizasyon sou Ovèdòz Eta New York te patwone te fèt 9 Septanm 2021 kòm yon evènman vityèl pou onore lavi ki te pèdi pa ovèdòz yo, ak pou rekonèt reyalizasyon pèsònèl ak kolektif moun ak gwoup k ap travay pou mete fen nan ovèdòz. Avèk plis pase 300 moun prezan, evènman kominotè sa te yon opòtinite pou

reflete sou lavi ki pèdi ansanm ak pou rekonèt travay enkwayab ki te byen fèt nan ban devan epidemi opyoyid la ak pou konsyantize sou enpòtans kontini pou prevansyon ovèdòz.

Gouvènè Hochul te [siyen lejislasyon istorik](#) tou resaman ki te pran mezi ki enpòtan anpil pou konbat kriz ovèdòz opyoyid la. Chanjman sa yo ap fè Eta New York vanse pou pi devan nan atenn objektif li pou Mete Fen nan Epidemi an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418